



Pou Piblikasyon Imedya: 09/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 4.2 MILYON DOLA POU OGMANTASYON KANTITE ESTASYON RECHAJ RAPID POU VEYIKIL ELEKTRIK YO SOU THRUWAY ETA NEW YORK LA

Enfrastrikti Modènize nan Espas Arè Thruway a yo ak Espas Pakin Pasaje yo ap Pèmèt plis Moun Itilize Veyikil Elektrik yo Toupatou Atravè Eta a

Pwogram Charge NY 2.0 Gouvènè a ak Enfrastrikti Rechaj yo Agrandi a ap Pwomouvwa Plis Wout ki Adapte pou Veyikil a Emisyon Nil yo nan Eta New York la

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon agrandisman 4.2 milyon dola pou enstale plis estasyon rechaj rapid pou veyikil elektrik yo (Electric Vehicle, EV) sou Thruway Eta New York la. Plan an pral pèmèt pwopriyetè machin elektrik yo kondi tout longè eta a san yo pa bezwen sòti sou otowout yo pou yo al rechaje. Ogmantasyon kantite estasyon rechaj rapid la pral pèmèt plis Nouyòkè jwe yon wòl aktif nan objektif Gouvènè Cuomo genyen pou l redwi degajman gaz a efè sèr yo 40 pousan apati 2030 lè yo kondi veyikil a emisyon nil yo.

“New York se yon lidè nan lit kont chanjman klimatik yo epi lè nou investi nan enfrastrikti enèji pwòp yo nan yon fason agresiv, n ap pran mezi pou redwi anprent kabòn nou”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou investi nan ogmantasyon kantite estasyon rechaj pou EV yo, administrasyon sa a ap travay pou redwi degajman ki soti nan veyikil ki alimante apati gaz yo pandan l ap fè yon avanse enpòtan pou tabli yon New York ki pi pwòp, pi favorab a anviwonman pou tout moun.”

Nan kad inisyativ pou rechaj veyikil Charge NY 2.0 Gouvènè a, Otorite Thruway Eta New York la (New York State Thruway Authority) ap fè patenarya ak Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) pou enstale nouvo estasyon rechaj rapid nan espas arè Thruway ak espas pakin pou pasaje Thruway a posede yo pandan dezan k ap vini la yo. Inisyativ enèji pwòp la pral ede eta atenn objektif li genyen pou enstale 10,000 estasyon rechaj apati 2021 api plis fè vanse inisyativ Refòm Vizyon Enèji (Reforming the Energy Vision, REV) Gouvènè a pou konstwi yon New York ki pi pwòp ak pi favorab a anviwonman an.

Depi lè yo te lanse pwogram Charge NY la an 2013, kantite estasyon rechaj piblik yo te ogmante rive plis pase 2,000 atravè tout eta a. Nouvo plan agrandisman sa a mete New

York nan pwen pou l atenn objektif 2018 Gouvènè a ki se 3,000 estasyon rechaj atravè eta a. Amelyorasyon k ap fèt nan enfrastrikti sa yo ap sipòte tou wòl lidèchip New York genyen nan plan pou veyikil a emisyon nil ant plizyè eta a ki mande pou vant veyikil elektrik yo atenn apeprè 800,000 apati 2025 nan New York.

Nouvo enstalasyon sa yo se yon agrandisman pwogram esè ki te pote chajè rapid yo nan kat espas arè nan rejyon Mid-Hudson Valley a - Plattekill ak Malden sou direksyon anvè lenò Thruway a, ak Ulster ak Modena nan direksyon anvè lesid li a, nan tout Konte Ulster a. Pandan plizyè ane k ap vini an yo, yo pral enstale chajè yo nan rès 23 espas arè yo.

Premye faz pwojè ogmantasyon chajè pou EV yo gen ladan enstalasyon de estasyon rechaj a vitès mwayèn (Nivo 2) nan 13 espas pakin pou pasaje Thruway a posede yo. Chajè Nivo 2 yo, ki pran ant kat ak uit èdtan pou yo chaje a, ap sible pasaje ki kapab kite machin yo nan pakin lan pandan lajounen an.

Faz sa a pral pote tou chajè a vitès rapid (Nivo 3) nan nèf espas arè Thruway a yo pou akomode yon bann varyete veyikil elektrik yo. Chajè Nivo 3 yo ka konplètman chaje yon veyikil elektrik nan 30 minit oswa mwens.

Yo prevwa estasyon rechaj adisyonèl ak pano siyalizasyon ki asosye yo pral kreye sansibilizasyon sou avantaj veyikil elektrik yo. Nan yon ankèt mache a ki te fèt an 2016, yo montre ke kantite tan l pran pou chaje veyikil yo te youn nan pi gran preyokipasyon pou repondan ankèt yo. Nouvo chajè rapid sa yo pral ede soulaje preyokipasyon sa a pou plis chofè.

Pifò fabrikan otomobil kounye a ofri yon modèl machin elektrik, epi yo prevwa entwodwi plis pase 30 nouvo modèl EV apati 2021, plizyè ladan yo ap ka kondi rive plis pase 322 kilomèt. Previzyon Bloomberg New Energy Finance antisipe ke 54 pousan nan tou vant machin apati 2040 pral machin san degajman yo ka plige.

Efò k ap fèt pou plis Sipòte Itilizasyon Veyikil Elektrik Atravè Eta a

Nan yon lòt aksyon yo anvizaje pou plis ankouraje adopsyon veyikil elektrik yo, Gouvènè Cuomo te anonse tou ke Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) Eta a te lanse yon inisyativ inovatè pou akselere itilizasyon veyikil elektrik yo, ogmante kantite estasyon rechaj pou veyikil elektrik yo, epi detèmine kijan konpayi sèvis piblik yo ka ede ogmante antre veyikil elektrik yo anndan Eta New York la. Efa a fè pati yon inisyativ agran echèl pou sipòte efò Gouvènè Cuomo ap fè pou redwi degajman gaz k ap soti nan sektè elektrisite ak enèji a yo ansanm ak sektè transpò a. PSC pral konsidere wòl konpayi sèvis elektrisite yo pou ofri enfrastrikti ak konsevwa to pou akomode bezwen ak demann elektrik pou EV yo. Li pral eksplòre yon fason ki bon mache pou konstwi enfrastrikti ak ekipman sa yo, epi detèmine si yo pral bezwen fè chanjman nan frè sèvis piblik yo anplis de sa yo deja ap konsidere pou kliyan rezidansyèl yo.

Nan kad efò kowòdone eta ap fè a, NYPA, Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation) Eta a, Otorite Thruway a, ak Depatman Transpò Eta a (Department of Transportation), te resaman soumèt yon demann pou

PSC modifiye to elektrik yo pou kliyan elektrisite yo ki enstale chajè rapid pou rechaje veyikil elektrik yo. Evantyèlman, nan kad ajisteman yo pwopoze pou yo fè nan to yo, ogmantasyon adopsyon veyikil elektrik yo, ak ogmantasyon nan espas rechaj rezidansyèl nan milye travay yo, ka ogmante revni pou opere ak antretni sistèm transmisyon ak distribisyon an, k ap pèmèt rediksyon nan to elektrisite alontèm pou tout kontribiyab yo.

Pou rann veyikil elektrik yo menm plis abòdab ak pi aksesib ankò, Gouvènè Cuomo te lanse pwogram Rabè Kondi Pwòp eta a (Drive Clean Rebate program) an Mas 2017 la. Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ap jere pwogram lan, ki ofri rezidan yo yon rabè jiska 2,000 dola pou acha oswa lokasyon yon nouvo machin ibrid oswa batri elektrik yo ka ploge yo nan konsèsyonè nouvo machin k ap patisipe yo. Plis pase 5,750 Nouyòkè te resevwa rabè pandan ane ki sot pase a pou 35 tip machin diferan. An jeneral, pifò konsomatè yo te resevwa rabè pou omwen 1,100 dola pou nouvo machin elektrik yo. Inisyativ sa a te jwe yon wòl santral nan ankourajman acha plis pase 10,000 machin elektrik an 2017, ki se yon ogmantasyon 67 pousan plis pase an 2016.

“Lè nou ogmante kantite estasyon rechaj yo toupatou atravè New York pandan Gouvènè Cuomo sou pouvwa a, nou ap pi pwòch pou nou satisfè objektif lidè nan nasyon nou an pou redwi degajman gaz a efè sèt yo 40 pousan apati 2030 soti nan nivo 1990 yo”, **Richard Kauffman, Prezidan Energy ak Finance (Energy and Finance) Eta New York la te deklare.** “Lè nou asire li pi fasil ak pi pratik pou moun chaje machin yo, nou ap ankouraje menm plis Nouyòkè yo chanje pou vin itilize veyikil elektrik pwòp ak fyab yo.”

“Machin ki pi nouvo ki gen pisans nominal ak pi gran batri yo te rann li pi reyalistik pou chofè machin elektrik yo vwayaje pi lwen - epi ki mande pou itilize chajè ki pi rapid yo”, **Gil C. Quiniones, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA yo, te deklare.** “Chofè yo pral kapab vwayaje soti Vil New York rive Albany ak Buffalo, epi rechaje pandan yo sou wout la pandan sèlman 30 minit, epi plis pasaje pral kapab chaje machin yo nan espas pakin pasaje yo pandan lè yo nan travay. Nou kontan anpil paske opsyon rechaj adisyonèl sa yo pral ankouraje plis moun itilize veyikil elektrik toupatou epi sa pral ede nou plis redwi degajman gaz a efè sèt yo tou.”

Matthew J. Driscoll, ki se Direktè Egzekitif Otorite Thruway a, te deklare, “917 kilomèt sistèm Thruway Eta New York la esansyèl pou vitalite ekonomi eta nou an lè l ofri yon fason sekirite ak fyab pou moun vwayaje atravè Nòdès la, epi avèk estasyon rechaj adisyonèl sa yo, nou swete pou nou vin youn nan vwa eksprès ki pi favorab a anvwonman nan nasyon an trè byento. Nou fyè pou nou sipòte misyon Gouvènè Cuomo a pou gen plis veyikil elektrik sou wout yo atravè inisyativ Charge NY a”.

Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, “Nouvo estasyon rechaj y ap ajoute nan plaza vwayaj Thruway a yo ak nan espas pakin pasaje yo pral amelyore eksperyans kondi veyikil elektrik yo pou anpil dizèn milye Nouyòkè ki te deja chwazi EV yo kòm transpò premye chwa yo, ak sila ki ap chanje pou vin itilize plis EV yo deplizanpli. Ajanda agresif Gouvènè Cuomo gen pou l lite kont chanjman klimatik yo gen ladan rann teknoloji tankou EV yo pi pwòp, pi aksesib pou

Nouyòkè òdinè yo epi anons sa a se plis evidans ki montre angajman New York pran pou rann chwa transpò pwòp pi fasil pou konsomatè yo”.

Gade videyo sou ogmantasyon kantite estasyon rechaj piblik pou EV yo isit la. Aprann plis enfòmasyon sou estasyon rechaj aktyèl ki sou Thruway a yo, pwogram estasyon rechaj veyikil elektrik NYPA a, ak rabè konsomatè yo atravè NYSERDA pou ede eta kondi nan fason pwòp.

Konsènan Refòme Vizyon Enèji a

Refòme Vizyon Enèji a se strateji Gouvènè Andrew M. Cuomo pou li domine sou chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi rezistan epi ki pi abòdab pou tout Nouyòkè yo lè yo favorize investisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou solè, van ak efikasite enèji, epi egzije 50 pousan nan kantite elektrisite leta bezwen soti nan enèji renouvlab apati 2030. Deja, REV te atire plis pase 1,000 pousan kwasans nan mache enèji solè nan tout eta a, amelyore abòdabilite enèji ki ogmante pou 1.65 milyon kliyan ki gen revni fèb, epi kreye plizyè milye pòs travay nan manifakti, enjeniri, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo. REV ap asire New York redwi degajman gaz a efè sèr yo nan tout eta a jiska 40 pousan avan 2030 epi atenn objektif ki rekoni sou echèl entènasyonal pou redwi degajman gaz a efè sèr yo jiska 80 pousan avan 2050. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou REV, ansanm ak investisman 5 milya dola Gouvènè an te fè nan teknoloji enèji pwòp ak nan inovasyon an, vizite www.ny.gov/REV4NY epi swiv nou sou Twitter, Facebook, ak LinkedIn.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)